

## SARI

Andriyani, Siska Nurika. 2009. Tradisi *Kliwonan* di Makam Sunan Kalijaga Kadilangu Demak. Skripsi. Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Semarang. Pembimbing I: Drs. Agus Yuwono, M.Si, Pembimbing II: Drs. Bambang Indiatmoko, M.Si.

Tembung kunci: wujud, guna, tegese tradisi *kliwonan*, dan faktor-faktor dadekake tradisi *kliwonan*.

Tradisi *kliwonan* yaiku tradisi kang isih lumaku nganti saiki. Tradisi iki prelu oleh kawigaten saka masyarakat. Mula prelu diteliti kanggo mangerteni wujud, guna, teges lan apa sing dadekake masyarakat tetep nganakake tradisi *kliwonan* ana ing makam Sunan Kalijaga.

Bab sing wigati ana ing tradisi *kliwonan* yaiku (1) kepriye wujud tradisi *kliwonan* ing samubarang Sunan Kalijaga, (2) apa guna tradisi *kliwonan*, (3) apa teges tradisi *kliwonan* (4) faktor apa wae sing dadekake masyarakat isih nganakake tradisi *kliwonan*.

Ancas panaliten iki yaiku, (1) deskripsikake wujud tradisi *kliwonan* ing makam Sunan Kalijaga, (2) ngandarake guna tradisi *kliwonan* makam Sunan Kalijaga, (3) ngandarake tegese tradisi *kliwonan* makam Sunan Kalijaga (4) saged mangerteni faktor apa wae sing dadekake masyarakat isih nganakake tradisi *kliwonan*.

Metode sing dienggo ana panaliten iki yaiku metode deskriptif kualitatif kanthi pendekatan folklore. Panaliten iki asile yaiku, (1) deskripsikake wujud tradisi *kliwonan* yaiku tradisi nyekar, menawa nyekar sing dilakoni ing makam Sunan Kalijaga awujud ngresikki makam, nabur kembang, mbakar menyan, lan donga. (2) gunane tradisi *kliwonan* kanggo masyarakat panyengkuyunge yaiku *religi*, *ekonomi*, wisata budaya, kanggo *proyeksi* utawa sarana pamikiran, lan minangka alat kanggo merjuangake tataran sosial. (3) Teges tradisi *kliwonan* kanggo masyarakat sing nyengkuyung yaiku nyukupi kabutuhane rikala mbutuhake sarana / babagan sing ora bisa tinemu akal, kanthi maneka warna tradisi ngemu karep prekara sing diadhepi bisa dirampungake, (4) faktor-faktor sing marakake pengunjug melu nglakoni tradisi *kliwonan* yaiku percaya yen jiarah nduweni guna kanggo awake dhewe ing sajrone ing urip.

Miturut kasil panaliten tradisi *kliwonan* kang ngrembaka ing Kabupaten Demak saged kauri-uri kawontenan ing generasi mudha, amargi tradisi punika budaya daerah, kangge kebijakan pemerintah perkawis lan perekonomian masyarakat. Anane tradisi *kliwonan* ing makam Sunan Kalijaga minangka salah sijine sarana kanggo silaturahmi warga masyarakat kang nyekar ing kana. Tradisi iki uga bisa digunakake kanggo ngrembakakaken objek wisata religi ing kabupaten Demak.